**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ**

**ЖУРНАЛИСТИКА ТӘЛИМ БАҒДАРЫ**

**АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚӘЎИПСИЗЛИК ПӘНИНЕН**

# РЕФЕРАТ

**ЖУМЫСЫ**

**ТЕМАСЫ: САМУЭЛЬ ХАНТИНГТОННЫҢ «ЦИВИЛИЗАЦИЯЛАР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫ» МИЙНЕТИНЕ ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ҚӘЎИПСИЗЛИК МӘЕЛЕСИ**

**ОРЫНЛАҒАН:** **МАТЕКОВ И.**

**ҚАБЫЛЛАҒАН:** **ОРАЗЫМБЕТОВА З.**

**НӨКИС-2015**

## ЖОБАСЫ:

**КИРИСИЎ**

**А) ЦИВИЛИЗАЦИЯЛАР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫ С.ХАНТИНГТОН КӨЗ ҚАРАСЫНДА**

**Б) ЦИВИЛИЗАЦИЯЛАР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫ – БАТЫС ЕЛЛЕРИ СИЯСАТЫНЫҢ ЖЕМИСИ**

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

# КИРИСИЎ

Анық илимий дәлийллер, бақлаў ҳәм процесслердиң анализине тийкарланған болжаўлар да келешекте тәбият, экономика ямаса сиясатта жүз беретуғын өзгерислерди, олардың турмысымызды өзгертип, раўажланыў рулин басқа жаққа бурып жибериўин анық есаплай алмайды. Сонлықтан, олар жуўмақланбай қала береди. Мәселен, жақын өтмишимизде еки жыл даўамында нефтьтиң баҳасы күтилмеген дәрежеде артып кеткенлигинен көпшилик ғалаба хабар қуралларында жақын келешектеги 50 ямаса 100 жылдың ишинде дүньяда энергия қорлары жоқ болып кетеди деген қорқынышлы информациялар жәрияланып жүргени де сыр емес. Бул анық илимий болжаўларға тийкарланған болжаў емес еди. Оны ҳақыйқый болжаўшы-сыншылар болжамағаны да ҳақыйқат еди.

Батыстағы айырым сыншылар «салқын урыс» жуўмақланғаннан кейинги халық аралық жағдайды либерал демократияның жеңиси деп есаплаған болса, бүгинги күнде банкротлық жағасында турған үлкен банк ҳәм компаниялардың акцияларын мәмлекет сатып алып атырғанлығын марксизм идеяларына қайтыў деп баҳаламақта. Сондай-ақ, халық аралық қатнасықларда жаңаша принциплердиң жүзеге келиўин бес-он жыл алдын көз алдымызға келтириў де қыйын еди. 2008-жылдан басланған глобал экономикалық дағдарыс көпшилик еллерди албыратып таслады. Бул дағдарыс Екинши жер

жүзилик урыс жуўмақланғаннан соң онда жеңип шыққан мәмлекетлердиң мәплерине хызмет етиўге бағдарланған халық аралық қатнасықлар ушын өзине тән сынақ болмақта. Бул «салқын урыс»тан кейин жүзеге келген географиялық-сиясий жағдайға да тәсир ете ме ямаса халық аралық қатнасықлардағы тийкарғы принциплер өзгермей қала ма? С.Хантингтонның айтып өткениндей, идеологиялар арасындағы гүрестиң орнын цивилизациялар арасындағы гүрес ийелеп ала ма? Ғәрезсизликке ерискен еллерде миллий өзине тәнликти қәлиплестириўге бағдарланған ҳәрекетлер менен С.Хантингтонның АҚШтың сыртқы сиясат доктринасы ретинде қабыл етилген цивилизациялар аралық келиспеўшиликлер концепциясы арасында байланыс бар ма? Сыншылар тилинде «Орайлық Азия субконтиненти»[1] деп аталған аймақтың келешеги қандай болады? Усы сыяқлы сораўларға С.Хантингтонның «Цивилизациялар соқлығысыўы ҳәм дүнья тәртибин өзгертиў» китабы тийкарында жуўап бериўге ҳәрекет етемиз. Бундағы мақсет, әтирапымызда жүз берип атырған географиялық-сиясий процесслерге, усы китап жазылғалы өткен 12-13 жыл даўамында қандай өзгерислердиң жүз бергени ҳәм Батыста автордың ескертиўине әмел етпеўдиң

[1] Сергей Переслегин С.Хатингтонның китабына жазған жуўмақ сөзинде усы атаманы қолланады ҳәм оның шегарасын Памир менен Кәспий жағалаўлары мәмлекетлери деп белгилейди. Ол әсиримиздиң биринши ярымында аймақта сиясий және әскерий қарама-қарсылықлар жүз бериўи мүмкин екенлигин болжайды.

қандай унамсыз жағдайларға алып келип атырғанына нәзер таслаўдан ибарат.

# ЦИВИЛИЗАЦИЯЛАР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫ С.ХАНТИНГТОН КӨЗ ҚАРАСЫНДА

С.Хантингтонның «Цивилизациялар соқлығыса ма?» атамасындағы мақаласы 1993-жылы өзи шөлкемлестирген «Foreign Affairs» журналында жәрияланғаннан соң үлкен қызығыўшылыққа себепши болды. Автордың айтыўына қарағанда, XX әсирдиң 40-жылларынан берли жарық көрген ҳеш бир мақала бундай дәрежеде көпшиликтиң қызығыўшылығына себепши болмаған, талқыланбаған ҳәм қарама-қарсылықларға алып келмеген екен. Илимпаз усы жағдай мақаланы китапқа айландырыўға түртки болғанын айтып өтеди: «Китаптың тийкарғы мақсети мақаладағы сораўларға толық, терең ҳәм ҳүжжетлиликке тийкарланған жуўапты табыўдан ибарат. Бунда цивилизациялар концепциясы, универсал цивилизациялар, ҳәкимият пенен мәденияттың өз ара қатнасы, цивилизациялар арасындағы ҳәкимият балансының өзгериси, Батыстан басқа цивилизациялардың мәдений дәреги, Батыс универсализми, мусылманлардың әскерий ҳәрекетлери ҳәм Қытайдың талапларынан келип шығатуғын қарама-қарсылықлар, Қытай қүдиретиниң артыўына жуўап ретинде тең салмақлылықты сақлаў ҳәм «ийкемлесиў» тактикасы, сынық сызықларындағы[2] урыслардың себеби менен

[2] С.Хантингтон цивилизациялар соқлығысқан аймақларды сынық сызығы деп атаған.

динамикасы, Батыс ҳәм дүнья цивилизациясының келешеги жөнинде сөз етиледи»[3].

С.Хантингтон цивилизациялар арасындағы келиспеўшиликлер жүз бериўин болжай отырып, Батыста жүзеге келген идеологиялар (либерализм, социализм, фашизм, анархизм, корпоративизм, марксизм, коммунизм, социаллық демократия, консерватизм, национализм, христианлық демократия) бирме-бир жоқ болып барған сайын Батыстың тәсири төменлеп, оның орнын диний ҳәм мәдений формалар ийелеўин атап өтеди, сондай-ақ, оған қарсы гүресиўдиң үлгиси етип негизи ҳиндстанлы болған инглис жазыўшысы В.С.Найполь алға сүрген «универсал цивилизация» концепциясына тоқталады. Оның әҳмийети адамзатты улыўмалық қәдириятлар, исеним, тәртип, дәстүр ҳәм институтлар арқалы бирлестириўди көзде тутады. Бирақ, терең ойлап қаралса, оған тийкарынан Батыс қәдириятлары тийкар етип алынғанын аңлаў қыйын емес. Бириншиден, Батыстың ғалабалық мәдeният индустриясы дини, тили ҳәм миллетине қарамастан көпшиликтиң «муҳаббат, жынысый байланыс, сыр, қаҳарманлық ҳәм байлық топлаў»ға деген қызығыўшылығын эксплуатациялап, миллиардлаған доллар пайда алып атырғаны есапқа алынса, жақын келешекте оған я Шығыстан, я Қубладан бәсекилес шықпайтуғыны анық.

---

[3] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 7-8.

Негизи «универсал цивилизация» идеясы Батыстың мәдений экспанциясынан басқа ҳеш нәрсе де емес. Екиншиден, Батыс мәдениятының басқа аймақларға кирип келиўи де усы мақсетке хызмет етеди. Үшиншиден, жетекши трансмиллий ғалаба хабар қуралларының бақлаўы Батыстың қолында екени, олардың усы цивилизация қәдириятлары, дәстүрлери, жасаў тәризи, менталитетин тынымсыз түрде агитациялаўы да Найполь әрманлаған «универсал цивилизация» идеясын дүньяға ен жайдырыўдан ибарат.

Бирақ, С.Хантингтон ғалабалық мәденият пенен кең тутыныў товарларының пүткил дүньяға тарқалыўын «Батыс цивилизациясының дағдарысы» деп есаплайды. Оның пикиринше, бул цивилизацияның әҳмийети Magna MacDonald's та емес, керисинше Magna Carta[4]. Илимпаз өз пикирин тийкарлаў ушын Рим империясы дәўиринен берли Батыс цивилизациясының өзине тән болып келген ҳәм соңғы еки әсир даўамында оның жоқары дәрежели жетискенликлерине себепши болған факторлардан:

1) католицизм (протестантизм)

2) тиллердиң латын тилинен жүзеге келгени

3) мәмлекеттиң ширкеўден ажыратылғаны

---

[4] Magna Carta – 1) 1215-жылдың июнь айында инглис баронлары Ринимидте патша Джонды еркинликлер хартиясының қабыл етилиўине рухсат бериўге мәжбүр еткен еди. 2) Ҳуқық ҳәм жеңилликлерге кепиллик бериўши ҳүжжет.

4) нызамлардың үстемлилик принципи

5) жәмийетлик плюрализм

6) ҳәкимияттың ўәкилик органының дәстүрлери

7) индивидуализмлерди келтирип өтеди.

Бул цивилизацияның ўәкиллери алдын басып алынған жәмийетлерге өз қәдириятлары, дәстүрлери, үрп-әдетлери ҳәм исенимин зорлық пенен кең ен жайдырыўға ҳәрекет еткен болса, кейин ала бундай экспанция тили, дини, исеними басқа болған жәмийетлерди Батыс үлгиси тийкарында модернизациялаў ҳәм вестернизациялаў сиясатында өз көринисин таба баслады.

Батыс цивилизациясынан үлги алмай модернизацияласқан постсовет республикаларға Magna Carta арқалы тәсир етиўдиң басқаша тактикасы - «реңли революциялар»дың таңланғаны да итибарды тартады.

Джорж Буш 2005-жылы 27-майда АҚШ Әскерий-теңиз академиясының питкериўшилери арасындағы шығып сөйлеўинде «Еркинлик пүткил дүньяға ен жаймақта. Бизлер ақырғы бир ярым жылдың ишинде Грузияда «Роза гүл революциясы», Украинада «Сары гүл революциясы», Иракта «Қырмызы гүл революциясы», Ливанда «Кедр революциясы»на гүўа болдық. Бул еле басланыўы[5]» деп мақтаныш пенен сөйлеген еди. Арадан көп ўақыт өтпей-ақ,

[5]www.polemics.ru

сегиз жыл даўамында жүргизилген усындай сиясаттың нәтийжесинде дүньяның түрли мүйешлеринде турақсызлықтың ҳәўиж алғаны ҳәм Батыс еллери өз географиялық-сиясий ойынларының бағдарын социалистлик лагерь мәмлекетлеринен постсовет мәмлекетлерге қаратқаны мәлим болып қалды.

АҚШ ҳүкимети СССРдың бөлшекленип кетиўин глобал демократияның жеңиси сыпатында баҳалады. «Демократияның ғалабаласыўы батыслылардың тийкарғы мақсетине айланды. Усы мақсетти Буш ҳәкимияты да мақуллады: мәмлекетлик хаткер Джеймс Бейкер 1990-жылдың апрелинде «тыйылып турыў сиясатының тийкарында демократия жатыр», - деп айтты»[6].

Бул мақсетлер XXI әсирдиң басларына келе белгили бир проектлерге, доктриналарға айланды. Усылардың қатарына Фредерик Старрдың «Foreign Affairs» журналының 2005-жыл 4-санында басып шығарылған «Орайлық Азия бирге ислесиўи» атамасындағы мақаласын мысал сыпатында келтирип өтиў мүмкин. Автор онда Үлкен Орайлық Азия бирге ислесиўи форум проектин алға сүрди. Өзбекистан, Қазақстан, Тәжикстан, Қырғызстан ҳәм Түркменстан менен бирге Аўғанстанды да қамтып алатуғын бул проекттиң мақсети Орайлық Азияда экономикалық, сиясий, қәўипсизлик тараўындағы бирге ислесиўге

[6] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 299.

бағдарланған аймақлық структура жаратыўҳәм оның жәрдеминде бул жерде жайласқан мәмлекетлерди Россия ҳәм Қытай сыяқлы үлкен мәмлекетлердиң тәсиринен узақластырып, демократиялық сиясий система орнатыыўын қоллап-қуўатлаўдан ибарат. Бирақ, Ф.Старр «реңли революция» экспортшыларынан парқлы түрде, аймақтағы постсовет республикаларға басқаша көз қараста қарайды: «АҚШ Орайлық Азияның бурынғы совет республикаларында тамыр жайған дүньялық мәмлекетлик дүзилисиниң раўажланыўынан мәпдар. Орайлық Азияның табысы пүткил ислам әлеми ушын арнаўлы әҳмийетке ийе ҳәм де бул теократиялық ҳәм авторитар пикирлеў формасына ең жақсы альтернатива есапланады»[7].

Ф.Старрдың көз қараслары да С.Хантингтонның Батыс дәстүрлери ҳәм қәдириятларын басқа цивилизацияларға тийисли аймақларға суғылыстырмаў ҳаққындағы пикирлери менен бирдей. Бирақ, олардың тутқан позициясын улыўмаластырып туратуғын бир тәреп бар: қалайынша болмасын, Американың тәсирин шет елерге жайыў. Бирақ, олар усыныс етип атырған усыл мәдeният экспанциясы ямаса демократия экспортына салыстырғанда «жумсақ ҳәкимият» деп аталатуғын феноменге жақынырақ.

---

[7] www.sato.kloop.kg/files/

С.Хантингтон «Батыс колониализми артта қалып, Америка гегемонизми өз жуўмағына жетип атырған»[8], Батыс мәдениятына параллел болған басқа мәдениятлардың қайта дүньяға келип атырған бир дәўиринде оның үстемлилигин сақлап қалыў ушын не ислеў керек, деген сораўға жуўап излеп, Гарвард университетиниң профессоры Джозеф Най 90-жыллардың басларында қолланыўға енгизген ҳәм ҳәзирги ўақытта сиясатшылар менен сыншылардың тиллеринен түспей қалған «жумсақ ҳәкимият» түсинигин тилге алады. Демек, оның мәниси неден ибарат?

Электрон энсиклопедияларда тәрийплениуўине қарағанда, «жумсақ ҳәкимият» өзиңиз қәлеген нәрсеге «қатал ҳәкимият» сыяқлы мәжбүрлеў, пул топлаў сыяқлы емес, ал тәрептарларын көбейтиў ҳәм оларды тартыў арқалы ерисиў[9] болып есапланады.

Дж.Най ҳәр бир мәмлекеттиң «қатал ҳәкимияты» (экономикалық ҳәм әскерий қүдирети) ның ресурсларының қатарына оның мәденияты, сүйенетуғын сиясий принциплери ҳәм жүргизип атырған сыртқы сиясатын да қосыў мүмкин, деп есаплайды. Усы факторлар мәмлекеттиң дүнья жәмийетшилигиниң көз алдында абыройының артыўына хызмет етсе, «жумсақ күш»ке айланыўы ҳәм

---

[8] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 132.

[9] www.wikipedia.com

алдына қойған мақсетине әскерий ямаса экономикалық ресурсларды иске қоспай-ақ ерисиўи мүмкин болады.

«Дж.Най «жумсақ ҳәкимият» ҳәр қашан «қатал ҳәкимият»қа сүйенетуғынлығын айтып өтеди: «Жумсақ ҳәкимият» «қатал ҳакимият»қа сүйенсе ғана шын мәнисиндеги ҳәкимиятқа айланады»[10]. Бүгинги күнде «жумсақ ҳәкимият»ты ғалаба хабар қураллары ямаса ғалабалық мәденият жәрдеминде кең ен жайдырыў әҳмийетли факторға айланбақта. Бирақ, әсиримиздиң дәсепки жылларында Америка абыройының түсип кетиўи – «жумсақ ҳәкимият»қа зыян жетиўине де усы факторлар себепши болды. Батыс Европада жоқары мағлыўматқа ийе топарлар ғалабалық мәдениятты (Голливуд фильмлери, эстрада қосықшылығы, телесериаллар, поп-арт, мелодрама, рок музыканың айырым түрлери ҳәм т.б.) дәрежесиниң төмен екенлигинен менсинбеўшилик пенен күтип алып атырған болса, ислам дүнья ҳәм Шығыс мәмлекетлери диний ҳәм миллий менталитетке жат болғаны ушын бийкарлайды ямаса белгили бир шеклеўлерди орнатады. Буннан айырым Европаның еллери де шетте емес. Мәселен, Франция да өз кинотеатрларында Голливуд фильмлерин көрсетиўди қадағалап қойған.

Сондай-ақ, Джож Буш ҳәкимиятының я тәрепдарларын, я болмаса БМШны ескертпестен Ираққа

---

[10] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 133.

бастырып киргени, ол жерде ғалабалық қырғын қураллары бар деп дүнья жәмийетшилигин алжастырғаны, әскерий тутқынларды халық аралық ҳуқық нормаларына сәйкес болмаған қыйнаўға салыўы ҳәм оларды Кубадағы Гуантанамо әскерий базасы ҳәм Европадағы айырым қамақханаларда судсыз услап турғанлығы, Аўғанстанда терроризмге қарсы ҳәрекетлердиң басланғанынан кейин жетекши ғалаба хабар қуралларында шеклеў жәриялағаны, терроризмге қарсы гүрес бәнеси менен пуқаралардың жеке турмысына қәўип дөндирип, олардың телефонда сөйлесиўлерин нызамсыз түрде еситип, Интернеттеги жазыўларын оқый баслағаны «жумсақ ҳәкимият»тың шырайын жоққа шығарып таслады.

Буған жоқарыда айтылған «реңли революциялар» да қосылса, неге басқа цививлизацияға тийисли басқа да аймақларда С.Хантингтонның айтпақшы болған индигенизация – миллий өзине тәнликти аңлаў жолы менен жәмийетти ҳәр қыйлы фундаментализмлердиң тәсиринен қорғаўдыңәҳмийетли мәселе сыпатында күн тәртибине шығып атырғанлығын түсиниў қыйын емес.

# ЦИВИЛИЗАЦИЯЛАР СОҚЛЫҒЫСЫЎЫ – БАТЫС ЕЛЛЕРИ СИЯСАТЫНЫ□ ЖЕМИСИ

Айырым жағдайларды есапқа алмағанда, я модернизация, я бирде батысластырыў сиясаты ҳеш бир жерде қушақ ашып күтип алынып атырғаны жоқ. С.Хантингтон Туркия өзиниң дәсепки президенти Мустефа Кемал Ататурктиң батысластырыў сиясатын қушақ ашып күтип алғанын жазады. Дүньялық жолдан баратырған болса да, турк жәмийетин модернизациялаўдың биринши президенттиң аты менен аталған «кемализм» феномени бүгинги күнде де ҳүрмет пенен күтип алынбақта деп айтыў қыйын. 80-жылардың басында қабыл етилген жаңа конституцияға муўапық, мәмлекетте пуқаралық басқарыў енгизилгеннен соң арадан 20 жыл өтип ҳәкимият басына радикал исламистлердиң келгени пикиримиздиң айқын дәлийли есапланады.

Атеистлик империяның даўамшылары болған жаңа ғәрезсиз мәмлекетлер Батыс үлгисиндеги демократияны да, жолларды да қабыл етиўге тайын турғандай сезилетуғын еди. Бирақ, индигенизация – миллий мәдениятлардың қайта туўылыў процесси бул жәмийетлерди де шетлеп өткени жоқ. Бирақ, оған себепши болған жағдай С.Хантингтонның айтқан тәрийпине оншелли сәйкес келе бермейди.

Оның пикиринше, Батыс үлгисиндеги модернизацияласқан жәмийетте инсан миллий

дәстүрлерден үзилип қалады ҳәм өзине тәнликке талап сезип, Батыс жолларын ҳәм қәдириятларын бийкарлайды. Ол өзликти аңлаўда дин тийкарғы рольлердиң бирин ойнайды, XX әсирдиң ақырларына келе диний қәдириятлардың қайта тиклениўи нәтийжесинде антибатысшылық ҳәрекети ҳәўиж алады, деп есаплайтуғын еди. Автор бул қәўипти дәслеп исламның «улыўма мәдений, жәмийетлик ҳәм сиясий жақтан қайта дүньяға келиўи»нде көреди ҳәм ислам динindeги жәмийетлик мобиллик ҳәм халықтың тез пәтлерде өсиўи менен бирге, Қубла-шығыс Азия мәмлекетлериниң жедел экономикалық жақтан өсиўи ҳәм өз күштне исенип барыўынан тәшўишке түседи.

Бирақ, Қубла-шығыс Азия мәмлекетлериниң соңғы 30-40-жыллық тарийхына көз жүўыртқан адам пүткилей өзгеше картинаға гүўа болады. Усы мәмлекетлерде жәмийетти модернизациялаўға жәмийетлик қатнасықлардың батысша үлгиси емес, ал миллий дәстүрлер (тәртип, шаңарақлық жуўапкершилик, мийнетсүйгишлик, сабыр-тақатлылық) тийкар етип алынған еди. Сондай-ақ, раўажланыўдың Батысқа тән болған сиясий ҳәм экономикалық үлгилеринен ўаз кешилип, демократиялық принциплерди жергиликли шәраятқа сәйкеслендириў жолынан барылды.

СССР орнында пайда болған жаңа ғәрезсиз мәмлекетлердеги жағдай С.Хантингтонның сөзи менен

айтқанда, де вестернизация – анти батысшылықтан түпкиликли парқланады. Орайлық Азия еллеринде усы феномен коммунистлик өтмиштен ўаз кешиў менен бирге басқа бир қәўип – диний фундаментализмге қарсы гүресиў ушын керек болған еди. Бирақ, анти батысшылық усы аймақты да шетлеп өткени жоқ. Ол модернизациялаў ямаса батысластырыўға емес, ал «реңли революциялар»ға жуўап ретинде жүзеге келди. Россия дәслеп Батыс мәмлекетлериниң қаржылары есабынан жумыс алып барып атырған мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлердиң жумысын тоқтатты. Соңынан федерация субъектлери басшыларын сайлаў әмелияты бийкар етилди ҳәм олардың кандидатураларын ўәкиллик органы тастыйықлаўына усыныў ўәкиллигин президентке өткерди. Бул процесс «суверенли демократия» атамасын алды ҳәм Батыста кескин сынға ушырады. Бундай әмелиятлар басқа да постсовет мәмлекетлерде ушырасып турыпты.

Енди тиккелей миллий идентитетти (инглисше сөз болып, «өзине тәнлик» дегенди билдиреди) қәлиплестириў зәрүрлиги ҳаққында сөз ететуғын болсақ, бул истиң аңсат болмағанлығын айтып өтиў керек болады.

Буны С.Хантингтон да тастыйықлайды: «Тарийхый жақтан Орайлық Азияда миллий өзине тәнлик жоқ еди...

ислам эң тийкарғы бириктириўши күшке ийе еди... миллий мәмлекетшиликтиң оншелли әҳмийети жоқ еди...»[11]

Тилин айтпағанда, дәстүр, үрп-әдет, қәдириятлар, мәдениям дерлик бирдей еди. Бул да аздай, диний жақтан саўатлылығы төменлеп кеткен халық дин менен оның ағымларын да ажырата алмайтуғын дәрежеде еди. Нәтийжеде, ҳәр қыйлы диний ағымлардың тәсири артып, еле аяққа тура алмай атырған жәмийетте турақсызлықты келтирип шығарды. Жағдай ҳүкимет алдына ультиматум қойыў, тыныш халықта қорқыныш пайда етиў ушын террористлик ҳүжимлерди өткериўге шекем барып жетти. Тез арада бунының алды алынып, диний-экстремистлик ҳәрекетлердиң тамыры жоқ етилмесе, Орайлық Азия бойынша тағы бир американлы эксперт Грехем Фуллердиң болжағанындай, пүткил аймақ от ишинде қалған болар еди.

С.Хантингтонның болжаўына қарағанда, Қубла-шығыс Азия еллеринде экономикалық раўажланыў менен бирге миллий өзине тәнликтиң күшейиўи ҳәм бул процесске Қытайдың басшылық етиўи Батыс цивилизациясы абыройына сезилерли зыян жеткере баслайды. Ол бунының алдын алыў ушын 8 бәнттен ибарат болған усыныс ислеп шықты:

1) көбирек, сиясий, экономикалық ҳәм әскерий интеграцияға ерисиў ҳәм басқа цивилизацияларға тийисли

[11] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 172.

мәмлекетлердиң Батыс еллери арасындағы келиспеўшиликлеринен пайдаланбаўына жол қоймаў ушын өз ара келисип сиясат алып барыў;

2) Европа Аўқамы ҳәм НАТОға Орайлық Европаның батыс тәрепинде жайласқан мәмлекетлер, атап айтқанда Вишеград топары (Польша, Венгрия, Чехия ҳәм Словакия), Балтика бойы мәмлекетлери, Словения ҳәм Хорватияны қабыл етиў;

3) Латын Америкасын илажы болғанынша батысластырыў, ол жердеги еердиң Батыс пенен бир блокта болыўына ерисиў;

4) ислам ҳәм шин мәмлекетлериниң (Қытай, Тайван, Гонгконг, Сингапур) әскерий қүдиретиниң өсиўин шеклеп қойыў;

5) Японияның Батыстан Қытай тәрепке «жылыслаўы»н кемейтиў;

6) Россияны провослав цивилизациясының тийкары, үлкен регионаллық мәмлекет сыпатында ҳәм оның қубла шегараларының қәўипсизлигин тәмийинлеў бойынша мәплерин тән алыў;

7) Батыстың басқа цивилизациялар үстинен технологиялық ҳәм әскерий үстемлигин сақлап қалыў;

8) ең тийкарғысы, Батыстың басқа цивилизациялар ислерине араласыўы, ең тийкарғы турақсызлық дәреги ҳәм

көп цивилизациялы дүньяда болажақ глоба келиспеўшиликлердиң тийкары екенлигин түсинип жетиў[12].

[12] Хантингтон С.Ф. Столкновение цивилизаций. «АСТ», 2003, стр. 514.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Жуўмақластырып айтқанда, Екинши жер жүзилик урыстан кейин орнаған халық аралық қатнасықлардағы тәртип бүгинги машқалаларды шеше алмай қалғанлықтан оны өзгертиў талабы күн сайын айқынласып бармақта.

С.Хантингтонның китабында атап өтилген көп полярлы дүнья кем-кемнен реалласып бармақта. Бирақ, Батыс усы көп полярлы дүньяны да өз тәсир шеңберинен шығарып жибериўди қәлемейди ҳәм өз мәплерин шегараларынан узақта қорғаў мақсетинде географиялық сиясат жүргизеди.

Бундай сиясаттың сыншылары менен қатпар тәрептарлары да болыўы ҳеш кимге де сыр емес. Мәмлекет мәпин қорғаў ушын ҳәрекет етип атырған адамнан қалыс болыўды талап етиў ҳеш те нәтийже алып келмейди.

С.Хантингтонның китабынан алынатуғын сабақ та мине усылардан ибарат.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

**ХАНТИНГТОН САМУЭЛЬ. «СТОЛКНОВЕНИЕ ЦИВИЛИЗАЦИЙ», «АСТ», 2003.**

**НИЗОМ ФАХРИДДИН. «ЯНГИ АСР МУАММОЛАРИ», «ТАФАККУР» ЖУРНАЛЫ.**

**ЖУМАМУРАТОВА М.Т. «Информациялық жәмийет теориясы»** пәнинен (5A 320 101 - Журналистика (хызмет түрлери бойынша) қәнигелиги **магистратура 1-курс студентлери ушын) ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ.**

**ЖУМАМУРАТОВА М., ОРАЗЫМБЕТОВА З. «АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚӘҮИПСИЗЛИК»** ТАШКЕНТ, 2009.

**WWW.ZN.UZ**